



Pou Piblikasyon Imedya: 12/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE YON SIT ENTÈNÈT POU SIPÒTE AJANDA REJYON NÒ NEW YORK – KI GEN LADANN PLIS PASE \$1 MILYA NAN BOURAD LAJAN POU DEVLOPMAN EKONOMIK REJYON AN ANE SA SÈLMAN**

***Grasa Upstate Revitalizasyon Initiative & REDC Competition, Tout Rejyon Eta New York ap Resevwa \$90 Milyon - \$130 Milyon nan Bourad Lajan pou Devlopman Ekonomik Ane sa nan Kad Pwopozisyon Gouvènè a***

**[NY.gov/UpstateRevitalization](http://NY.gov/UpstateRevitalization) Lanse pou Bay Enfòmasyon sou Pwopozisyon Gouvènè a**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te lanse yon nouvo [sit entènèt](#) pou angaje Nouyòkè epi bay enfòmasyon sou Upstate Revitalization Initiative (URI) ki nan Bidjè Egzekitif li a. Atravè URI a, tout Rejyon nò a (sof pou Lwès New York) pral fè konpetisyon pou youn nan twa sibvansyon \$500 milyon yo ki pral distribye sou senkan. Paske URI pral fonksyone ansanm ak inisyativ Konsèy Rejyonal la, menm rejyon ki pa jwenn yon sibvansyon nan URI sipoze resevwa pou pi piti \$90 milyon nan bourad lajan pou devlopman ekonomik ane sa – ki se plis pase sa nenpòt rejyon te resevwa nan de dènye lane sibvansyon Konsèy Rejyonal la.

“Aprè plizyè dizèn lane goudenman eta te bandonen l ak apre plizyè lane travay pou rekanpe apre resesyon 2008 la, Rejyon Nò New York finalman ap retounen. Kounye a se moman pou fè retablman sa pèmanan, atravè pi gwo ak pi bon investisman nap fè a” te deklare Gouvènè Cuomo. “Inisyativ Upstate Revitalization Initiative la pral pote bourad lajan enpòtan dèyè kèk nan pi bon resous rejyon nou an, epi paske li konplete pwosesis Konsèy Rejyonal la, chak kwen Eta a pral ranpòte laviktwa ane sa ak chak rejyon kap resevwa pou pi piti \$90 milyon – plis pase pi gwo kantite lajan ki te bay lane pase. Kominote rejyon nò tann ase – li lè pou nou reyalize kokenn potansyèl vyèj yo te toujou genyen men yo poko janm reyalize.”

URI a pral fonksyone anmenm tan ak inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la (REDC), epi pou garanti egalite nan tout rejyon an san sakrifye nati konpetisyon ki pote sak gen pi bon nan chak rejyon pandan kat dènye lane yo, twa gayan URI yo pral sèlman kalifye pou resevwa anviwon \$30 milyon yo chak kap soti nan bourad lajan REDC ane sa, epi rès sèt rejyon yo – nan tout eta a – pral fè konpetisyon pou pi fò bourad lajan REDC \$750 milyon ane sa.

Sa vle di ankenn rejyon pap pèdi – okontrè, chak rejyon eta a pral nan pozisyon pou yo resevwa plis bourad lajan pase lane pase, menm si yo pa fè konpetisyon oswa genyen yon sibvansyon URI. Nan kad apwòch sa, chak rejyon sipoze resevwa ant \$90 milyon ak \$130 milyon ane sa. Lè w konpare, nan de ane ki pase yo premye gayan prim REDC yo te resevwa apeprè \$83 milyon, sa vle sa di yon rejyon ki klase nan dènye plas ane sa a ta resevwa plis pase youn ki te klase nan premye plas nan ane anvan yo.

W ap jwenn plis enfòmasyon sou kijan Upstate Revitalization Initiative ak inisyativ REDC yo pral konplete youn lòt epi kontinye konte sou investisman Eta a nan ekonomi Rejyon Nò a [isit la](#) .

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418